

KESYON YO POZE SOUVAN SOU VAKSEN KONT GRIP LA

Ki moun ki ta dwe pran vaksen kont grip la?

Nenpòt moun ki gen laj 6 mwa oswa plis ta dwe pran vaksen kont grip la. Vaksen an enpòtan sitou pou moun ki gen plis risk pou yo vin malad grav akòz grip la, tankou moun ki gen 65 an oswa plis; fanm ki ansent; jèn timoun; ak moun ki gen kondisyon sante kwonik tankou maladi kè oswa poumon, opresyon, ak dyabèt.

Poukisa li enpòtan pou pran vaksen kont grip la?

Vaksen kont grip la se premye mezi ak mezi ki pi enpòtan ou ka pran pou pwoteje tèt ou kont grip la. Lè w pran vaksen an, sa ka anpeche ou pran grip la, li gendwa anpeche ou vin malad anpil, admèt ou nan lopital la, oswa pètèt menm mouri nan konplikasyon.

E si mwen pa gen mwayen pou peye vaksen kont grip la?

Vaksen kont grip la gratis pou pifò abitan Delaware yo, menm si ou pa gen asirans.

Ki kote mwen ka pran vaksen kont grip la?

Vaksen an disponib nan tout Delaware, kay anpil pwofesyonèl diferan ak nan anpil kote, ki gen ladan biwo founisè swen sante, famasi (ki gen ladan famasi magazen makèt), klinik Divizyon Sante Piblik Delaware (Division of Public Health, DPH), klinik swen ijan, sant sante, ak plis ankò. Anpil patwon ak lekòl tou ofri vaksen kont grip la sou plas. Vizite flu.delaware.gov pou konnen ki kote, ki lè, ak kijan ou ka pran vaksen kont grip la, oswa pale ak depatman HR ou nan travay ou.

Si mwen te pran yon vaksen kont grip ane pase, poukisa mwen bezwen youn ane sa a?

Pran vaksen kont grip la chak ane se pi bon apwòch pou pwoteje sante ou. Viris grip la chanje, kidonk chak ane, vaksen ou pran an pwoteje ou kont twa a kat kalite grip ke chèchè yo detèmine yo pral pi kouran.

Èske vaksen kont grip la san danje pou mwen ak timoun mwen an?

Wi! Depi plis pase 50 ane, moun yo te pran vaksen kont grip san danje — ki egal ak plizyè milyon moun. Vaksen an fèt anba direktiv ak sipèvizyon strik, epi li an sekirite pou moun ki gen laj 6 mwa ak plis.

Èske vaksen kont grip la san danje si mwen ansent?

Wi! Anfèt, li enpòtan sitou pou fanm ansent yo pran vaksen an, paske gwosès la ka fè yo gen plis chans pou yo malad. Anplis, apa pwoteksyon manman an, vaksen kont grip la ka pwoteje ti bebe a tou pandan plizyè mwa apre nesans la.

Kantite ka grip yo te bese ane pase. Èske sa vle di grip la pa twò yon menas sante jan li te konne ye a?

Non. Menas grip la pou sante ou fò menm jan tankou tout tan. Kantite ka grip yo te diminye ane pase paske anpil moun te swiv direktiv sekirite COVID-19 yo. Avèk plis moun Delaware yo kounye a ki kominike deyò kay, plis evènman piblik k ap fèt, epi mwens moun mete mask, li pi fasil pou grip la gaye. Ou ka menm pran ni vaksen kont grip ou ni vaksen kont COVID-19 ou nan menm jou a.

Èske se pa vre vaksen kont grip la ka fè ou malad?

Non. Ou pa ka pran grip la nan vaksen kont grip la. Si ou konnen yon moun ki te malad imedyatman apre li fin pran vaksen kont grip la, li posib pou li te deja gen viris la nan sistèm li anvan li pran vaksen an. Sa pran de semèn pou bati iminite konplè apre ou fin pran vaksen kont grip la, kidonk gen yon peryòd tan kout kote kèk moun gendwa pa kapab goumen kont viris la.

Mwen konnen moun ki te gen grip la yon mwa oswa plis apre yo fin pran vaksen an. Poukisa?

Paske pa gen okenn vaksen 100% efikas pou prevni yon maladi, li posib pou yon moun ka pran vaksen kont grip la epi li pran grip la kanmenm. Sepandan, nan ka sa yo, sentòm moun nan jeneralman pi lejè, epi li rate mwens jou nan travay oswa nan lekòl.

Èske mwen pral gen efè segondè nan vaksen kont grip la?

Se pa tout moun ki gen efè segondè, men si sa rive, yo trè lejè. Sa yo ka gen ladan doulè/woujè nan sit piki a, lafyèv lejè, oswa doulè.

Ki lòt bagay mwen ka fè pou pwoteje moun mwen renmen yo ak tèt mwen kont grip la?

Rete lakay ou epi eseye pa kominike avèk lòt moun si ou malad — epi evite moun ou konnen ki malad. Menm si ou santi ou anfòm, kouvri bouch ou ak nen ou lè ou touse oswa etènye. Lave men ou souvan epi netwaye sifas yo itilize souvan, tankou biwo ak manch pòt.

Ki moun ki pa ta dwe pran vaksen kont grip la?

Timoun ki poko gen 6 mwa pa dwe pran vaksen kont grip la. Se sèlman nan ka ki ra yon moun ki gen plis pase 6 mwa ta dwe pran vaksen an. Moun ki gen alèji grav, ki menase lavi yo ak engredyan ki nan vaksen kont grip la pa ta dwe pran li. Moun ki fè alèji ak ze oswa nenpòt nan engredyan ki nan vaksen an, oswa ki gen yon istwa sendwòm Guillain-Barré, ta dwe pale ak founisè swen sante yo anvan yo pran vaksen kont grip la.

Si mwen te gen yon reyaksyon alèjik dènye fwa mwen te pran yon vaksen kont grip la, èske mwen pa ta dwe evite pran youn ankò?

Pa nesèsman. Ou toujou ka anmezi pou pran yon vaksen kont grip ki pa gen engredyan ou ka fè alèji ak yo a. Pale ak founisè swen sante ou pou detèmine ki kalite vaksen kont grip ki bon pou ou.